

## Leson 9

### Etik Anbasadè Nan Rwayòm Bondye.

---

#### Vèsè Biblik

" Anfen, frè m yo, tout sa ki veridik, tout sa ki onèt, tout sa ki jis, tout sa ki pwòp, tout sa ki bèl, tout sa ki merite lwanj, si gen nenpòt vèti, si gen nenpòt bagay ki merite lwanj, panse ak bagay sa yo." – **Filipyen 4:8**

---

#### Objektif Leson an

- Eksplore prensip etik ki gide aksyon ak desizyon yon anbasadè nan Rwayòm Bondye.
  - Idantifye kijan onètete, jistis, ak respè pou prensip diven yo konstwi kredibilite nan misyon yon anbasadè.
  - Aplike prensip etik pou viv yon lavi ki reflekte rèy syèl la nan domèn pèsònèl, sosyal, ak pwofesyonèl.
  - Evalye kijan etik anbasadè yo enfliyanse lavi lòt moun nan kominote ak relasyon yo.
- 

#### Salitasyon ak Benediksyon

"Ke Rwayòm syèl la, Rwayòm invizib la, Rwayòm Bondye a, ke ideoloji domèn invizib la afekte lavi w nan tout fòm sou tout sans, pou ou menm tou ka ale afekte lavi lòt moun. Ke prensip etik Bondye ranpli kè w ak aksyon w chak jou, pou w mache avèk onètete, jistis, ak respè pou tout bagay ki bèl nan je Bondye. Ke **CDARS Ministries** kontinye sipòte w pandan ou devlope yon lavi ki reflekte glwa Rwayòm Bondye nan desizyon ak relasyon w yo."

---

## Entwodiksyon

Etik se poto mitan tout aksyon yon anbasadè nan Rwayòm Bondye a. Yon anbasadè ki viv san prensip etik pa ka refilete règ syèl la nan domèn vizib la. Etik pa sèlman konsène moralite pèsonèl; li enplike fason nou trete lòt moun, desizyon nou pran, epi kijan nou refilete prensip Bondye nan tout relasyon nou yo.

Nan yon mond ki souvan konfonn lajistis ak pouvwa, yon anbasadè dwe sèvi kòm yon egzantp k ap montre kijan pou aplike verite ak lanmou nan desizyon li yo. Leson sa a ap ede w konprann kijan etik ki baze sou prensip diven yo ka sèvi kòm gid nan lavi w kòm yon anbasadè. Lap montre kijan onètete, jistis, ak respè pou prensip Bondye yo konstwi kredibilite ak enfliyans nan kominote ou e espas pwofesyonèl ou.

Yon anbasadè ki mache avèk etik Bondye se yon moun ki pote limyè nan mitan konfizyon, ki chèche lòd kote gen dezòd, epi ki viv avèk objektif pou retabli lòd diven nan tout aspè nan lavi yo.

---

## 5. Definisyon Enpòtan

### ○ *Etik Diven:*

- **Definisyon:** Yon sistèm prensip ki baze sou volonte Bondye, gide aksyon yon moun nan tout aspè lavi li.  
**Egzantp Pratik:** Yon anbasadè ki respekte etik diven ap refize patisipe nan fwod menm lè presyon sosyal egziste.

**Kesyon Refleksyon:** Ki prensip etik ou chwazi suiv chak jou pou refilete lanmou ak jistis Bondye?

---

○ **Onètete:**

- **Definisyon:** Fè aksyon ki reflekte verite ak entegrite san patipri. Onètete se fondasyon pou bati konfyans ak kredibilite.  
**Egzanp Pratik:** Lè yon anbasadè pale onètman pandan yon diskisyon malgre lòt moun ka dezapwouve.

**Kesyon Refleksyon:** Nan ki moman resan ou te montre onètete nan desizyon w oswa nan yon relasyon?

---

○ **Jistis:**

- **Definisyon:** Yon angajman pou asire ke aksyon ou fè respekte verite ak ekilib nan tout bagay. Jistis se kè prensip etik yo.  
**Egzanp Pratik:** Yon anbasadè ki travay pou rezoud yon konfli nan yon fason ki jis pou tout pati yo enplike.

**Kesyon Refleksyon:** Kijan ou ka aplike jistis Bondye nan desizyon w chak jou?

---

○ **Respekte Onè:**

- **Definisyon:** Yon angajman pou respekte sa ki bèl ak onorab, tankou lanmou, verite, ak lòd diven.  
**Egzanp Pratik:** Yon anbasadè ki bay lòt moun respè menm lè yo nan dezakò avèk li.

**Kesyon Refleksyon:** Ki jan ou ka montre respè pou lòt moun menm nan moman difisil?

---

○ **Pwòpte Espirityèl:**

- **Definisyon:** Viv nan yon fason ki reflekte pite ak lanmou Bondye, san ale nan nenpòt bagay ki mennen konfizyon oswa enkredibilite.

**Egzanp Pratik:** Evite fè desizyon ki mache kont prensip Bondye, menm lè pa gen moun k ap obsève.

**Kesyon Refleksyon:** Ki jan pwòpte espirityèl ou relete nan aksyon w chak jou?

---

## Rezime Kontni an:

### 1. Bondye Kòm Sous Etik Diven:

Etik diven soti nan karaktè Bondye, ki se sous verite, jistis, ak lanmou. Bondye rele chak anbasadè pou viv dapre prensip li yo, pa sèlman nan domèn espirityèl, men tou nan lavi chak jou. Tout aksyon ki baze sou etik diven gen yon objektif pou retabli lòd ak ekilib nan mond lan. Yon anbasadè ki swiv prensip Bondye ap konstwi kredibilite ki sèvi kòm yon limyè nan yon mond chaje ak konfizyon moral.

### 2. Wòl Onètete Nan Misyon Anbasadè a:

Onètete se yon poto fondamantal nan misyon yon anbasadè. Yon moun ki mache avèk onètete relete prensip diven epi enspire lòt moun pou fè menm bagay la. Pa egzanp, lè yon anbasadè trete lòt moun avèk respè epi di verite, menm nan moman difisil, li montre fòs moral li. Sa ranfòse kredibilite li epi fè misyon li plis efikas.

### 3. Jistis Kòm Baz Pou Retabli Lòd Diven:

Yon anbasadè ki mache nan jistis chèche rezoud konfli avèk onètete e ekilib. Jistis pa senpleman yon repons a sitiyasyon enjis, men li se yon eleman esansyèl nan retabli rèy Bondye nan domèn vizib la. Yon anbasadè dwe chèche lòd nan tout relasyon li yo, kit se nan travay, kominote, oswa fanmi.

### 4. Respè Pou Onè Ak Pwòpte Espirityèl:

Yon anbasadè dwe toujou chèche respekte prensip ki onorab, ki bèl, e ki pwòp. Respè pou lòt moun, menm nan moman konfli, relete prensip lanmou Bondye. Pwòpte espirityèl, ki enkli evite



tout bagay ki detounen atansyon yon moun nan misyon li, pèmèt anbasadè a viv avèk entegrite.

### **5. Enpak Etik Diven Sou Lavi Pèsonèl Ak Pwofesyonèl:**

Lè yon anbasadè viv dapre etik diven, li transfòme tout aspè nan lavi li. Nan travay, li pran desizyon ki baze sou onètete epi chèche jistis pou tout moun. Nan kominote li, li sèvi kòm yon modèl lanmou ak ekilib. Nan lavi pèsonèl li, li chèche amoni avèk Bondye epi sèvi kòm yon refleksyon nan prensip rèy li yo.

---

### **Panse Inik**

"Yon anbasadè nan Rwayòm Bondye pa ka viv san etik. Etik se baz tout aksyon li yo, yon sous entegrite ki ranfòse kredibilite li, epi ki fè l yon limyè nan yon mond ki chaje ak konfizyon moral. Lè w viv dapre etik diven, ou pa sèlman reprezante prensip Rwayòm nan, ou transfòme tout bagay ou manyen, kòm yon zouti pou fè syèl vizib sou tè a."

---

### **Mesaj Fondatè (James Lamour)**

"Etik diven se pi gran zouti yon anbasadè posede. Li pa limite nan espas espiryèl sèlman, men li pwolonje nan tout domèn lavi w. Chak fwa ou viv ak onètete, ou aplike jistis, epi ou respekte prensip diven yo, ou ap ranfòse misyon w kòm yon reprezantan Rwayòm Bondye. Yon mond ki pa respekte etik se yon mond ki plonje nan konfizyon ak dezòd. Se poutèt sa Bondye rele w pou w mache avèk entegrite epi viv kòm yon refleksyon vivan nan règ li yo. Pa bliye ke chak aksyon w se yon opòtinite pou fè règ syèl la vizib nan domèn vizib la."

---

### **Entèraksyon ak Refleksyon**

**1. Ki jan prensip etik diven yo ka transfòme relasyon ou ak lòt moun?**

- Reflechi sou fason etik tankou onètete ak jistis ka chanje dinamik nan fanmi w, travay ou, ak kominote w.

**2. Kijan w ka montre onètete nan yon sitiyasyon kote sa difisil?**

- Bay egzanp nan lavi w oswa reflechi sou yon sitiyasyon kote onètete ta ka pote chanjman pozitif.

**3. Poukisa onètete ak respè pou prensip onorab yo esansyèl pou yon anbasadè?**

- Reflechi sou enpòtans etik pou ranfòse kredibilite ak efikasite nan misyon yon anbasadè.

**4. Ki wòl etik diven yo nan pote amoni nan espas pwofesyonèl ou?**

- Diskite sou kijan desizyon ou pran dapre etik diven yo ka enflyanse relasyon ou ak rezilta nan travay ou.

**5. Ki enpak idantite espirityèl ou genyen sou kapasite w pou viv dapre etik diven?**

- Reflechi sou koneksyon ant etik ak idantite espirityèl w kòm yon anbasadè nan Rwayòm Bondye.

---

**Avètisman**

**Konsekans Pozitif:**

- Viv dapre etik diven yo pote kredibilite, estabilite, ak respè nan relasyon w ak lòt moun. Ou devlope yon repitasyon kòm yon moun ki mache avèk onètete ak jistis, ki rann misyon ou kòm yon anbasadè pi efikas. Nan yon mond ki chaje ak konfizyon moral, aksyon w ap sèvi kòm yon limyè ki gide lòt moun.

**Konsekans Negatif:**

- Neglije etik diven yo mennen nan pèt kredibilite ak konfli nan relasyon yo. Yon moun ki pa respekte prensip onètete ak jistis ap pèdi konfyans lòt moun epi limite enpak li nan Rwayòm Bondye. Anbasadè ki pa viv dapre etik diven ap rate opòtinite pou retabli lòd ak ekilib nan mond lan.

## 12. Deba ak Kesyon Pou Angajman

1. **Èske onètete toujou ap koute yon moun nan mond modèn lan?**  
Diskite sou sitiyasyon kote onètete ka parèt kòm yon feblès men aktyèlman ranfòse kredibilite yon anbasadè.
2. **Poukisa etik diven yo ta dwe siperyè etik sosyal yo?**  
Reflechi sou diferans ki genyen ant etik ki baze sou prensip diven yo ak etik ki baze sou kwayans imen yo.
3. **Kijan ou ka aplike prensip etik diven yo nan yon espas pwofesyonèl ki pa pataje menm valè yo?**  
Bay egzanp sou fason pou fè lòd diven vizib menm lè anviwònman an opoze prensip sa yo.
4. **Ki wòl etik diven yo nan rezoud konfli sosyal?**  
Reflechi sou fason etik tankou jistis ak lanmou ka pote solisyon dirab nan kominote w.

## Egzèsis Pratik

### 1. Egzamen Pèsonèl:

1. Ekri yon lis twa zòn nan lavi w kote ou ka amelyore fason ou aplike prensip etik diven yo. Reflechi sou kijan ou ka pran aksyon pou amelyore nan zòn sa yo.
2. **Egzanp:** Evalye desizyon w pran nan travay, relasyon w ak zanmi, oswa fason w jere konfli nan fanmi w.

### 2. Aksyon Rekonsilyasyon:

1. Idantifye yon sitiyasyon kote ou pa respekte etik diven yo nèt. Pran inisyativ pou retabli lòd ak jistis nan sitiyasyon sa a atravè aksyon ki reflekte lanmou ak verite.
2. **Egzanp:** Pale avèk yon moun ou gen yon konfli avèk li epi chèche yon solisyon onèt e jis.
3. **Fòmasyon Espirityèl:**
  1. Li yon pasaj nan Bib la ki pale de etik, tankou Filipyen 4:8 oswa Pwovèb 11:3. Medite sou pasaj sa a epi ekri kijan li aplike nan lavi w.
  2. **Egzanp:** Sèvi ak pasaj la pou gide aksyon w pandan semèn nan.
4. **Kreye Yon Plan Aksyon:**
  1. Ekri yon plan twa etap pou aplike prensip etik diven yo nan yon zòn espesifik nan lavi w.
  2. **Egzanp:** Si ou travay nan yon ekip, planifye kijan ou ka mete etik diven yo nan desizyon ou pran avèk lòt manm ekip yo.
5. **Pataje Enspirasyon:**
  1. Chwazi yon moun nan kominote w pou pataje leson sa yo epi diskite kijan etik diven yo ka transfòme lavi yo.
  2. **Egzanp:** Òganize yon ti reyinyon fanmi oswa zanmi pou pale sou enpòtans onètete ak jistis.

### Egzèsis Pratik:

1. **Egzamen Pèsonèl:** Ekri twa kalite ki defini idantite espirityèl ou kounye a. Reflech sou kijan ou ka amelyore oswa ranfòse yo.
2. **Plan Aksyon:** Fè yon lis twa aksyon ou ka pran pandan semèn sa a pou montre idantite espirityèl ou kòm yon anbasadè nan relasyon ou ak lòt moun.



3. **Pataje Eksperyans Ou:** Chwazi yon moun nan fanmi w oswa kominote w pou pataje lesou sa yo, epi diskite sou kijan idantite espirityèl yo ka transfòmè lavi yo.

